# PAXTA – SIYASATTAN ÚSTIN (K.KARIMOV ‹‹ON ÚSHINSHI AWIL›› ROMANI MISALINDA)

**Húrliman Kóptilewova**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 2-kurs magistrantı*

**Tayanch so'zlar:** *qaraqalpaq ádebiyatı, repressiya qurbanları, paxta isi, on úshinshi awıl, roman, K.Karimov*

**Klyuchevie slova:** *karakalpakskaya literatura, jertvı repressiy, xlopkovoe delo, trinadcataya derevnya, roman, K.Karimov*

**Key words:** *the literature of Karakalpak, victims of repression, the cotton affair, thirteenth village, the novel, K.Karimov*

Hár bir xalıqtıń ádebiyatında táriyxta júz bergen waqıyalar óz sáwleleniwin tabadı. XX ásirdiń 30-jıllarında elimizde bolıp ótken isler keshegi hám búgingi keleshek áwlad yadında máńgi saqlanbaqta. Sol jıllarda Patsha Rossiyasınıń qaraqalpaq diyarındaǵı kórnekli hám belsendi basshılardı, jazıwshı, shayırlardı, sonday-aq, diniy ulama, axunlardı ulıwma dinge qatnası bar bolǵan adamlardı quwdalawları, jazıqsız jazalawları, eń awır jaza – atıw jazasına húkim etiwleri búgingi kózqarastan ádalatlıqqa qayshı keletuǵın isler bolıp sanaladı. «1930-jıllarda Qaraqalpaqstan jámiyetlik-siyasiy turmıs totalitarizmniń ústemliginiń bekkemleniwi jaǵdayında ótti. Adamlardı gúnasız quwdalaw hám jazalaw baslandı. Mıńlaǵan gúnasız azamatlar túrmege salındı. Ásirese, ulamalardı jer awdarıw hám qamaqqa alıw dárejesine shekem barıp jetti. Mıńlaǵan xojalıqlar, jurt awdarıldı. Seyfulǵabit Majitov, Izbasar Fazilov qusaǵan ataqlı shayırlar, A.Dosnazarov, Á.Qudabaev, U.Bekimbetov, K.Nurmuxamedov, Q.Áwezov qusaǵan el bashshıları gúnasız qamalıp qurban bolıp ketti». [S.K. Kamalov, Q.S. Sarıbaev, M.A. Karlıbaev, M.Q. Sarıbaev:22,23-b]

Sovet húkimeti bul menen de sheklenip qalmastan 80-jıllardıń basında Ózbekstanda «Paxta isi» dep atalǵan siyasiy háreketti basladı. Ózbekstan agrar xojalıqqa tiykarlanǵan respublika bolǵanlıqtan paxta egiw, onıń ónimdarlıǵın bir neshe million tonnaǵa kóbeytiw, basshılardıń moynına islemegen ayıpların qoyıp qamaqqa alıwları júz berdi. Belgili qaraqalpaq xalıq jazıwshısı Keńesbay Karimovtıń « On úshinshi awıl » romanında usı paxta isi boyınsha bolıp ótken waqıyalar sóz etiledi.

«Socializm» bóliminiń baslıǵı Nızamatdindi islemegen isin isledi dep, ótirik jala jawıp qamaqqa aladı. Tergewshi sońınday ayıplardı moynına qoyadı, Nızamatdin ózin aqlawǵa háreket qılmasın, paydası bolmaydı.

... – Seyf kórinbeydi, onı qayda jasırdıń?

– Bizde seyf joq. Ol buxgalterde boladı.

– Hújjetlerdi qayda saqlaysız?

– Stoldıń tartpasında.

– Al pullardı she?

– Úydedaǵı.

– Úyde saqlaysız? – tańlanǵan túrde eki ushlı sawal berdi kelgen jigit. – Solay etip, pullardı úyde saqlaysız, dep nıqladı.

Nızamatdin shının aytqan edi. Bólim baslıǵında aylıǵınan tısqarı pul qayaqtan bolsın? Al, aylıqtı úyge alıp baradıdaǵı!

– Buxgalteriya qayaqta? – dawamladı kelgen jigit.

– Qońsı bólmede.

– Qulpırıwlı turıptı ǵoy.

– Buxgalter sovxozǵa ketken. Otchet tapsırıwǵa.

– Qashan keledi?

– Anıq aytıwım qıyın.

– Bólmeniń gilti kimde?

– Qarawılda bolıwı kerek.

– Ashtır! ... [K.Karimov:13,14-b]

Kórip turǵanımızday, Nızamatdindi sawalǵa tutıp atırǵan, organ uniformasın kiygen tergewshi jigit Turdımuratov qalay bolmasın pullardı tawıp, kabinet iyesiniń moynına ayıp qoymaqshı. Oǵan jınayatshı degen tamǵa baspaqshı.

Nızamatdin Orazımbetov 1947-jılı On úshinshi awılda tuwılǵan. Rasgóy, ádalatlı, bilimli, miynetkesh bolıp er jetedi. Partiya aǵzası boladı. On úshinshi awıldaǵı «Socializm» bóliminiń baslıǵı. Paxta tapsırıw punktin basqarıp júrgeninde, paxtalardı qabıllawshı Paxratdin degen jigit (jiyeni) ekewiniń moynına "qosıp jazıw" degen ayıp túsedi. Bólim baslıǵı ómirinde heshqashan birewdiń haqın jemegen, kewlinde kiri joq, hadal jumıs isleytuǵın edi. Jámiyette ózine jarasa abıroylı, húrmetke bólengen insan. Tergewshi Turdımuratov hiyle jolları menen baslıqtıń hayalı Miyirxandı "duzaqqa túsiredi". Eger pul tawıp alıp kelseń, erińdi bosatıp jiberemiz dep qurǵaq wádelerdi beredi. Eriniń úyine tez arada qaytıwın oylaǵan hayal pul tabıwdıń bir neshe jolların qarastırıp, aqırı qız apasınıń úyine barıp jezdesinen qarız aladı.

... – Pul sorap kiyatırman!

– Pul...

Apası Mánigúl kúyewiniń júzine qarap qoydı. Ol qabaǵın shıtpadı.

– Qansha pul?

– Bar bolsa on mıń...

Jezdesi oylanıp qaldı. Sońınan dedi:

– On mıń júdá kóp pul. Bir «Volga» nıń pulı. Izin aytpay-aq qoy.

Tergewshi para soraǵan shıǵar?

– Para emes, húkimettiń pulı kemis shıqqan qusaydı, – dedi kelinshek kúyip-pisip.

...Juman jezdesi dasturxan shetine beli búgilmegen, jalańayaqlar kóseminiń súwreti túsirilgen, on buwat qızıl onlıqtı birimlep tasladı.

– Raxmet jezde, bereket tap, tiri júrsem, álbette qaytaraman! –dedi kelinshek kóz jasın súrtip. [K.Karimov:135,136-b]

Aqshanı tergewshige alıp kelip bergeninde bul kúyewine qarsı qural bolıp xızmet etedi dep oylamaǵan edi. Isti de, kábaptı da kúydirmewge urınǵan sudyanıń qararı menen Nızamatdin qamaqqa húkim qılındı. Hayalı hám balaları menen ilajsızdan xoshlastı.

– Sen jazıqsızsań... Men bilemen... Seni naxaqtan jazaǵa tartqanlardı meniń, balalarımnıń kóz jası ursın! [K.Karimov:212-b].

Miyirxan erin kózi qıymay zar-zar jılaydı. Qansha jıl bolsa da kútetuǵınlıǵın bildiredi. Bunday sadıqlıq bárshe qaraqalpaq hayal-qızlarına tán qásiyet bolıp esaplanadı.

Usı mazmundaǵı qastan ayıplawlar bir qansha kolxoz baslıqları, fermer iyeleri, tabelshi, pryomchiklerdiń de basına túsedi.

Oraydan kelgen bul buyrıq pútkil awıl xalqın qayǵıǵa saladı.

Kimniń ómirlik joldası, kimniń ákesi, kimniń balası prokuraturaǵa shaqırılıp gúman astına alınadı.

Para berse qamamaydı dep kelte oylaǵan ayırım diyqan xojalıq iyeleri ózleri ómiri dawamında jıynaǵan pulların qos qollap alıp kelip tapsıradı. Bul isi júzikke qas qoyǵanday bolıp, tergew isleri menen shuǵıllanıwshılarǵa maqul túsedi.

...Sol payıt esik pát penen ashılıp, ishkerige orta jaslardaǵı adam xaplıǵıp kirdi.

– Inim, usı jerde ekenseń ǵoy, – dedi qolındaǵı sumkanı jerge qoyıp, kisesinen oramal alǵan kisi. Mine, azǵana keshikken bolsam da, aytqanıńdı alıp keldim.

– Minekey, ómir boyı jıyǵanımnıń hámmesi.

Kórinisinen ápiwayı diyqanǵa uqsaǵan kisi, bólmede birneshe adam otırǵanınan tartınıwdı oyına keltirmedi. Sumkanı ashıp, ishindegi pullardı tókti.

Nikolaev ruxsatsız kirgen diyqanǵa jekkóriwshilik penen tigilgen edi.

– Siz kimsiz, ózi?

Ol ‹‹Namuna›› kolxozınıń baslıǵı, Lenin ordenli paxtakesh Tájibaev degen kisi eken. Qosıp jazıwda gúmanlanıp... qozǵatılǵan.

Nikolaev para berip atır dep oyladı.

Tájibaevtiń haq ya nahaq ekenligi sudta málim bolıwın ayttı. Sonıń menen stoldıń ústinde úyilip turǵan taqlanǵan pullar sanalıp, akti dúzilip, iske qosıp tigiletuǵın boldı.

Ańqıldaǵan diyqan adamnıń qılǵan saqıylıǵı, sudta ózine qarsı dálil sıpatında qaralatuǵının, kolxoz baslǵı oylapta kórmegen eken... [K.Karimov:206,207,208-b]

Juwmaqlap aytqanda, bul ‹‹paxta isi›› birazınıń qatıqtay úyip otırǵan shańaraǵın búldirdi. Ómirden erte kóz jumıwına sebep boldı.

Músiybet túsken hárqanday adamǵa mıńsan eki qayǵı keltirdi. Ózbekstan ǵárezsiz el bolıp, Nızamatdin túrmeden bosanıp úyine qaytıp oraldı.

Júz bergen waqıyalardıń bárshesi geybir ózin ‹‹faylasuf›› tergewshi sanaytuǵın wákillerdiń, joqarı lawazımlı shaxslardıń, qalaberdi oraydaǵı basshılardıń qáte oylawı, nadurıs pikirlewi sebebinen bolıp ótken unamsız háreketler edi.

‹‹Menmenge zawal, júyrikke tomar›› degenindey, hárkim óz qılǵan isine bola jazasın aladı. Elimizde keleshekte bunday isler júz bermewinen úmit etemiz.

ÁDEBIYATLAR:

1. S.K.Kamalov, Q.S Sarıbaev, M.A.Qarlıbaev, M.Q Sarıbaev «Qaraqalpaqstan tariyxı» (1917–2000-jıllar) Nókis «Bilim» 2005.

2. K.Karimov «On úshinshi awıl» roman Tashkent «Yangi kitob» 2020.

REZYuME

Maqolada yozuvchi K.Karimovning «O'n uchinchi qishloq» romaniga tushuncha, «paxta ishi» nomli soxta ayblovlar, undagi qahramonlarning ichki kechirmalari ifodalanadi.

REZYuME

V state daetsya osmısleniye romana K.Karimova «Trinadcataya derevnya», lojnıx obvineniy v xlopkovom dele ı vnutrennego prosheniya geroev romana.

SUMMARY

The article provides an understanding of K.Karimov's novel «The Thirteenth Village», false accusations in the cotton case, and the inner forgiveness of the novel's characters.